



Umuntu wese afise imyaka 16 canke irenga ashobora kuronka urucanco rwa COVID-19 KUBUNTU ubu nyene!

Incanco za COVID-19 nta nkomanzi zigira kandi zirafasha.

Incanco za COVID-19 zidufasha kugarukana ubuzima bwacu. Inyungu zo gucandarwa ziruta kure cane ingaruka zo kwandura uwo mugera. Abantu benshi bagira ingaruka zidahambaye, nko kubabara k'ukuboko. Incanco za COVID-19 zimeze neza mugukingira indwara zikaze, kwinjira ibitaro, canke urupfu ruturutse kuri uwo mugera.



Kugira uronke uwushobora kuguha urucanco hafi yawe, ja kuri vaccinefinder.org. Ushobora gusaba gahunda k'urubuga ngurukanabumenyi canke kuri terefone. Ibitaro bimwe vy'icandagiho bizokwemera ko wiyandikisha imbere canke uhashitse. **Gahunda zishobora kwuzura ningoga. Bishobora gufata umwanya wo kugerageza kugira uronke gahunda.**

- **Urucanco ni KUBUNTU ku bantu bose.** NTUtegerezwa kugira icete co kwivurizako, kuba uri umunyamerika canke uwuhaba, canke ufise inomeru yo gukingirwa mukibano.. Abatanga urucanco ntibatanga inkuru n'imwe yawe kubajewe uruja n'uruza rw'abantu canke abajewe ivy'amategeko.
- Utegerezwa kuzana ikintu kiriko izina ryawe (nk'ishusho ya karangamuntu yawe, fagitire y'amataro canke amazi, canke ikete riteweko umukono n'umuntu avuga ko uri uwo uvuga ko uri we).
- Nimba udafise imashini nyabwonko canke utaja k'ubuhinga ngurukanabumenyi, baza umuntu wizeye agufashe wiyandikishe kugira uronke gahunda.
- Ushobora gushaka ko uwutanga urucanco amenya imbere yuko uhashika nimba uzokenera ibiguherekeza (nk'uwugufasha muvy'ururimi canke agatebe k'abagendana ubumuga).

Nimba ufise ibibazo vyerekeye urucanco rwa COVID-19, [raba coronavirus.utah.gov/vaccine](https://rba.coronavirus.utah.gov/vaccine). canke uhamagare umurongo w'ubutabazi wa COVID-19 kuri **1-800-456-7707**.